



## **MAJÒ JANEY ANONSE REMÒKAJ (TOWING) POU NETWAYAJ LARI TOUPATOU NAN VIL LA PRAL REKÒMANSE; PWOGRAM AMNESTI POU KONTRAVASYON PRAL EKSPIRE; LÒT MIZAJOU KONSÈNAN MIZANPLAS RÈ PAKING YO**

BOSTON – Madi 13 avril 2021 - Majò Janey anonse jodi a ke Depatman Transpò Boston (Boston Transportation Department, BTB) te aktyalize mizanplas règ paking yo nan Vil Boston. Koumanse madi 20 avril, mizanplas règ paking yo pral rekòmanse toupatou nan vil la, ki gen ladann remòkaj pandan netwayaj lari epi y ap rekòmanse bay kontravansyon tou kote ki pa gen yon stikè rezidan ki apwopriye. Epitou, BTB wp ap bay kontravansyon bay rezidan ki gen yon stikè enspeksyon ki ekspire jiska 31 me.

Anplisdesa, nan dat 20 avril, amnesti Depatman Transpò Boston la pou travayè swen sante yo tpral ekspire. Nan kòmansman pandemi COVID-19 la, BTB te anonse ke travayè swen sante yo te ka fè kontestasyon epi yo ta pral rejte vyolasyon [ki pa vyolasyon règ sekirite piblik](#), si yo te resevwa kontravansyon an pandan yo t ap travay. Objektif pwogram sa a se te pou ede travayè swen sante yo pandan yo t ap okipe ijans sante piblik la.

Vil Boston ak patnè minisipal li yo nan Brookline, Cambridge, Everett ak Somerville pral kontinye ofri touttravayè esansyèl yo nan rejyon metwopolitèn Boston yon lese-pase (pass) gratis pou 90 jou pou sistèm pataj bisiklèt la, Bluebikes. W ap jwenn plis enfòmasyon ki disponib nan [boston.gov/bike-share](https://boston.gov/bike-share).

“Pandan n ap kontinye planifye redrèsman aprè pandemi COVID-19 la, mwen rekonesan pou tout rezidan nou yo ki te kowopere pou respekte mizanplas règ paking nou yo”, Majò Janey te deklare. “Etan tanperati yo ap vin pi cho, li enpòtan pou nou fè etap ki nesèsè yo pou kenbe lari nou yo pwòp.”

“Nou rekonesan poutèt Vil Boston te reyisi founi rezidan ak travayè swen sante yo sipò adisyonèl pandan epòk inik sa a”, Komisyonè Greg Rooney te deklare. Li ajoute: “Rezidan yo ta dwe konnen ke n ap kòmanse retounen nan aktivite nòmral epi yo ta dwe respekte tout règ paking yo ki afiche.”

Règ paking ki annapre yo anplas nan Vil Boston an:

### **PAKING REZIDAN NAN PAK-MÈT YO**

Rezidan Boston yo ki gen pèmi paking rezidan pral kontinye otorize pake nan zòn kontè paking (pak-mèt) yo andedan katye yo san yo pa bezwen respekte limit tan ni peye pak-mèt la.



## **KAT ANDIKAP**

BTD pral rekòmande bay kontravansyon pou kat/plak machin andikap ki ekspire koumanse 31 me. [Rejis Veyikil Amotè a ap trete demand sèlman pou kat/plak machin pou andikape nan kourye lapòs.](#)

Pou gade yon lis konplè tout kò paking yo ak kontravansyon yo nan Vil Boston an, rezidan yo kapab gade [isit](#) oubyen rele nan 311.

Depatman Transpò Boston pral kontinye evalye chanjman adisyonèl nan mizanplas règ paking yo pandan tout faz re-ouvèti ekonomi a pa etap. Si ou bezwne plis enfòmasyon, tanpri al gade nan [boston.gov/transportation](https://boston.gov/transportation).

## **KONSÈNAN DEPATMAN TRANSPÒ BOSTON LAN**

Misyon nou se pou planifye, bati, kenbe epi jere lari nou yo yon fason ki ogmante aksè nan opòtinite, ki pwomouvwa sekirite ak rezilyans epi ki pwomouvwa pi gwo kalite lavi pou timoun ki abite, travay epi vizite Vil nou an.

###